



CANGKRIMAN LAN PARIKAN

KELAS :

NAMA :

PRESENSI :

Wangsulana pitakonan ing ngisor iki kanthi milih a, b, c, utawa d!

1. Unen-unen kang kudu dibedhek yaiku

- a. Parikan
- b. Cangkriman
- c. Tembang
- d. Geguritan

2. Cangkriman kang wujudé memper utawa mirip kaya samubarang yaiku

- a. Irib-iriban
- b. Wancahan
- c. Tembang
- d. Wantah

3. Jinise cangkriman ana lima, kang diarani cangkriman kadhapuk saka cekakakn tembung yaiku

- a. Cangkriman irib-iriban
- b. Cangkriman wancahan
- c. Cangkriman wantah
- d. Cangkriman tembang

4. Ing ngisor iki kang awujud cangkriman wancahan yaiku

- a. Urang sapikul matane pira?
- b. Dikethok malah dhuwur
- c. Pitik walik saba kebon
- d. Mbahringgo

5. Bedhekana cangkriman ing ngisor iki!

Kucing mawa suku lan wulune diilangi dadi apa?

- a. Kucur
- b. Kacang
- c. Ilang
- d. Mabur

6. Ukara “Semangka tiba ning ndalan” yen digawe wancahan dadi

- a. Kabangndalan
- b. Katinglan
- c. Mangkabalan
- d. Sengbalan

7. Ukara “ditarik ngisor malah mlayu ning dhuwur” kalebu jinis cangkriman apa?

- a. Irib-iriban
- b. Wancahan
- c. Wantah
- d. Tembang

8. Ukara “ngarep mburi beda rupane nanging nunggal swarane” batangane apa?

- a. Jam
- b. Dhuwit
- c. Sulak
- d. Kathok



9. Cangkriman lan parikan minangka karya sastra digunakake kanggo apa?

- a. Nesuan
- b. Crita wong liya
- c. Gojegan
- d. Pilih-pilihan

10. Gatekane cangkriman plesedan utawa blenderan ing ngisor iki!

'Ing tengah pasar ana wong bakul apa?'

Saka ukara ing dhuwur, apa kang dadi batangane?

- a. Es
- b. Kambil
- c. Sayur
- d. Buah

11. Gatekane tembang ing ngisor iki!

Suwe ora jamu

Jamu godhong tela

Suwe ora ketemu

Ketemu pisan gawe gela

Tembang kasebut migunakake apa?

- a. Paribasan
- b. Cangkriman
- c. Wangsalan
- d. Parikan

12. Parikan utawa pantun duwe teges apa?

- a. Unen-unen kang ora duwe paugeran.
- b. Unen-unen kang duwe paugeran kudu rong gatra.
- c. Unen-unen kang duwe paugeran dumadi saka rong gatra utawa patang gatra.
- d. Unen-unen kang duwe paugeran kudu patang gatra.

13. Manut isine, parikan kaperang dadi papat yaiku kang isine pitutur, menehi semangat, ngajak kenalan, lan

- a. Pendidikan
- b. Ekonomi
- c. Nyenengake
- d. Pasrah kaluputan

14. Gatekane parikan kang menehi semangat ing ngisor iki!

Kembang terong pinggir sumur

.....

Larik kang trep kanggo njangkepi parikan ing dhuwur yaiku

- a. Luwih becik gotong royong
- b. Gotong royong dadi seneng
- c. Gotong royong kareben makmur
- d. Doni jajan gorengan jamur



15. Gatekana parikan ing ngisor iki!

Ngasah arit kudu landhep
Dadi murid kudu sregep

Saka parikan ing dhuwur bisa dijupuk piwulange yaiku

- a. Bocah kang pinter kudu juara 1
- b. Bocah pinter kudu sregep sinau
- c. Bocah pinter kudu keminter
- d. Bocah pinter sakarepe dhewe

16. Gatekana carane gawe parikan ing ngisor iki!

- 1) Golek tembung kang nunggal swara
- 2) Gawe gatra isi
- 3) Tembung nunggal swara mau dirakit dadi wujud gatra purwaka.
- 4) Dadi parikan
- 5) Gatra purwaka dirakit dadi siji karo gatra isi.

Urut-urutane gawe parikan kang trep yaiku....

- a. 2-3-1-4-5
- b. 5-3-2-1-4
- c. 2-1-3-5-4
- d. 3-2-1-4-5

17. Gatekana parikan ing ngisor iki!

Menyang pasar tuku duku
Aja lali tuku jambu
Ayo padha golek ngelmu
Supaya mulya uripmu

Saka parikan ing dhuwur gatra kapisan lan kapindho minangka

- a. Pungkasan
- b. Purwaka
- c. Wos/isi
- d. Panutup

18. Tembung kang nunggal swara nalika gawe parikan diarani....

- a. Purwakanthi guru swara
- b. Purwakanthi guru sastra
- c. Purwakanthi lumaksita
- d. Guru gatra

19. Gatekana parikan ing ngisor iki!

Wajik ... gula Jawa
Luwih becik sing ...

Tembung kanggo njangkepi parikan kasebut yaiku....

- a. Legi, Prasaja
- b. Legi, tenang
- c. Enak, semangat
- d. Klethik, prasaja

20. Parikan kang dumadi saka rong gatra, gatra kapindho minangka apa?

- a. Isi
- b. Purwaka
- c. Wanda
- d. Pungkasan